ФИФЕ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№31 (21.689) ● 2010 гъэм мазаем (февралым) и 25, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

Устюгов Евгений.



● Къэрал къулыкъущIапIэхэм

КЪБР-м и курортхэм я зэфIэкIыр ягъэлъагъуэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент Къанокъуэ Арсен зи пашэ делегацэр хэтщ нобэ щегъэжьауэ мазаем и 27-м нэсыху Кисловодск къалэм щекIуэкIыну «Кавказым и зыгъэпсэхуПIэхэр-2010» Урысей Ипщэ курорт зэхуэсыщхуэм.

ЦIыХУХЭМ я узынщагъэ егъэфIэкIуэнымкIэ яIэ зэрыфIэкIэр абы щагъэлъагъуэ «Чайка» санаторэм, «Синдика» интурист хьэщIэщым, «Налшык» курортым хьихэ «Кхъужьей хадэ», «Къурш псынэ», «Къуэу», «Маяк» зыгъэпсэхуПIэхэм.

КЪБР-м Спортымрэ туризмэмкIи и министерствэм кьэрэщыщIалIамкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и рекреацэ IэнатIэм щыгъуазэ узыщI стендым кьыдэкIуэу, гъэлъэгъэныгъэм кьэкIуалIэхэр республикэм теухуа фильмым ирагъэплъынущ, буклет, тхылъ зэмылIэужьыгьуэхэр иратынущ. ТуризмэмкIэ фирмэхэмрэ агентствэхэмрэ я унафэщIхэр Iуащхьэмахуэ лъапэ, «Налшык» курортым кьэщрашэкIынущ зыгъэпсэхунымрэ зыгъэхъужьынымрэ я лъэныкъуэкIэ ди дежи щыIэ Iэмалхэм щыгъуазэ ящIын папщIэ.

Мы зэпущIэм хэтхэр лэжьыгъэм зэрехьуIэм теухуауэ зэпсэлъэнущ, туризмэмрэ курортологиемрэ зегъэужьынымкIэ къэралым и ипщэ Iыхьэм щызэфIагъэкIэхэм хэплъэнущ. Пленар зэпущIэр теухуауэ щытынущ ди щIыналъэм и курортхэм я щытыкIэм. Абы кърихьэлIэнущ УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым, УФ-м СпортымкIэ, туризмэмкIэ, щIалэгъуалэ политикэмкIэ и министерствэм, ТуризмэмкIэ федеральнэ агентствэм, УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щыIэм и аппаратым, УФ-м и субъектхэм, Ставрополь крайм и правительствэм, Кавказ псы хущхьуэхэм я щIыналъэм и администрацэм я лIыкIуэр.

Мы зэпущIэр кьыззэхуIэпащхэм я мурадщ «Кавказым и зыгъэпсэхуПIэхэр» зэхьихьэшхэр дяпэкIэ гъэ кьэс ирагъэкIуэкIыну икIи Сочэ, Краснодар краим хуэдэу, ар курорт, турист Iуэхутхьэбзэхэр пхыгъэкIыныжкIэ щIэгъэкъуэн кьащIыну.

ХЬЭПЭ Марин э,
КЪБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ IапIэм и лэжьакIуэ.

Зэлэжьынухэр яубзыху

Мазаем и 19 - 20 махуэхэм Налшык щыIэщIащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Хасащхьэм хэтхэр. Хабзэ зэрыхъуэм тетуу, ахэр иIъэхьм зэ зэхэхьэ, зэлэжьыну Iуэхугъуэхэр яубзыху, гу зылъатапхъэхэр кьагъэнлъэу.

КЪЭБГЪЭЛЪАГЪУЭМЭ, нэгъабэ, жэпуэгъуэ мазэм Мейкьуапэ щекIуэкIа ДАХ-м и Зэхуэсыщхэм щыхаха Хасащхьэм хэтхэр идыкы япэу зэIущIэу аращ. Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Хасащхьэм, Гъэзэщ IакIуэ гупым хэтхэм кьищынэмыщIауэ, политикэ, жылагъуэ лэжьакIуэ куэд кьызэрихьэлIа зэIущIэр кьызэIуахащ КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен ДАХ-м и Хасащхьэм ЗэрызыхуигъазэмкIэ. Абы кьеджащ КъБР-м и Президентым и Администрацэм и Унафэщым и кьалэнхэр зыгъэзащIэ **Жамбэр Владимир**.

Хасащхьэр Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгьуэу 16-м хэплъащ. Кьызэхуэсахэм зэдзэарэзыну я кьащтащ 2010-2012 гъэхэм зэрылэжьыну мылькуэ теухуа унафэр. Дунейпсо Адыгэ Хасэм кьызэщIыубыдэ жылагъэ зэгугъэныгъэхэм кьатын хуей хэтыпщIэмрэ лъэпкъ Iуэхур мылькукIэ дэзыщIыхэм (спонсорхэм) кьыхальхьэмрэ тещIыхьауэ, зытригъэкIуэдэн хуей унэтIыныгъэхэм ельытауэ, ар сом зы мелуанрэ ныкъуэрэ мэхъу. ЗэIущIэм хэтахэр апхуэдэу зэгурыIуащ ДАХ-м и «Адыгэ эхиней» журналымрэ «Нарт» газетымрэ къыдэгъэкIыныр зэтеублэжьын зэрыхуейм.

ЕтIанэрэз, 2011 гъэм, илъэс 20 ирокIу Дунейпсо Адыгэ Хасэр кьызэрыуихуэрэ. Ар Iэтауэ гъэлъэпIэнымрэ абы ипкъ иткIэ зэфIэхьыпхьэхэр убзыхунымрэ теухуауэ Хасащхьэм унафэ кьищтащ а Iуэхур ДАХ-м и Гъэзэщ IакIуэ гупым пщэрыль щащIыну.

Хасащхьэр зыхэплъа Iуэхугъуэхэм яущыщ ДАХ-м и саугъэтыр 2010 гъэм «Литературэ», «Шэныгъэмрэгъэзэжьныгъэмрэ», «Шэнхабзэмрэгъэспортымрэ» унэтIныгъэхэмкIэ зэратынур. Апхуэдэу кьызэхуэсахэм кьызэдащтащ 2014 гъэм Сочэ кьалэ щекIуэкIыну XXII щымахуэ Олимп Джэгухэм теухуауэ Урысей Федерацэм и Президент Медведев Дмитрий зэрызыхуагъазэ тхыгъэ.

Хасащхьэм хэтхэр куэдрэ арэзы зэдэмыхьуу, нэхъ кьиину икIи кIыхьлIыхьу екIуэкIа псалъэмакъыр дяпэ ильэсищкIэ ДАХ-р зэлъэныну Iуэхугъуэхэр кьызэIущIэзыбыдэр программэм теухуарат. Псоми я Iуэху еплъыкIэхэм едэIуа, кьыхальхьаэр зэпалъыта нэужь, ахэр зи лъабжьэ проект кьащтэу Гъэзэщ IакIуэ гупыр идкыри зи елэжьыжыну зэгурыIуахэщ.

ДАХ-м и Хасащхьэмрэ Гъэзэщ IакIуэ гупымрэ я пашхэ кьырахьащ «Адыгэ (Шэрджэс) щIэнгъуазэ» тхылъышхэр, профессор Кьумахуэ Мухьэдин и редакцэм щIэту 2006 гъэм Москва кьыщыдэкIар. Абы теухуауэ зэIущIэм кьыщипсэльащ ДАХ-м, ЩIДАА-м я вице-президент, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщIэ **Хьэфыщ Iэ Мухьэмэд**, Гуманитар кьэхутэныгъэхэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ институтым и унафэщI **Бгъэжьанкъуэ Барэсбий**, КъШР-м и ТхакIуэхэм я союзым и унафэщI **Бэчыжь Лейла, Акьбащ ФатIимэ** сымэ.

P.S. Дунейпсо Адыгэ э Хасэм и Хасащхьэм и зэхуэсыр зэрекIуэкIам теухуа тхыгъэ убгъуа «Адыгэ псалъэ» газетым и кьыдэкIыгъуэ гъунэгъуэхэм ящыщ зым тетынущ.

НЫБЭЖЬ Танс э.

● Дунейпсо Адыгэ Хасэ

ДАХ-м и Хасащхьэм хэтхэм яхуэгъэзауэ

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Хасащхьэм и зэIущIэм хэтхэм сэлам гуапэ фызох икIи лэжьыгъэ тэмэм кьефхьэлIэну сынывохьуэху.

АДЫГЭ лъэпкъым и дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхуу уваща илъэс 19 апэкIэ Дунейпсо Адыгэ Хасэр кьызэрызэрагъэпэщар. Нобэ щэч кьытумыхьэжу жыпIэ хьунущ: Хасэр щIэщхуэ зиIэ дунейпсо зэгухьэныгъэ зэтеуваща.

БлэкIа илъэс псоми Дунейпсо Адыгэ Хасэр хущIокъу адыгэ гъэсэныгъэм лъабжьэ хуэхъуа мамырыгъэр, гуапагъэр, интернационализмэр, цIыхугъэр пхыгъэкIыным. Адыгэхэм я тхыдэ фIыгъуэ нэхъыщIхьэхэм тету Дунейпсо Адыгэ Хасэм щыIэныгъэ хэлъу дегъэкI бзэр, щэнхабзэр, цIыху зэхущытыкIэхэр - лъэпкъыр кьэгъэщIэрэщIэжьынымрэ зегъэужьынымрэ пыщIа псори - хьэмэныкIэ кьалэн инхэр.

Шэч кьытесхьэркъым иджыпсту нэхъ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхугъэр дегъэкIыным хуэунэтIауэ Хасэр дяпэкIи тэмэму лэжьэныкIэ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Iэнатl э нэхъыщхьэу щыт Советым и нобэрей зэIущIэр, сыт и лъэныкъуэкIи зэпэлъытауэ абы кьыщащтэну унафэ губзыгъэхэр икъуэкIэ сбэзи зэрыхьунум.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен.



● XXI Олимп Джэгухэм

Медалхэм къахохъуэ

Ванкувер щекIуэкI XXI Щымахуэ Олимп Джэгухэм я пиукьрей махуэхэм ди спортсменхэм медаль зыбжанэ кьахуихьащ. Абыхэм я фIыгъэкIэ Урысей Федерацэр командэ зэпеуэхэм еянэ увыпIэм нэс щыдэкIуэтеящ.

ОЛИМП Джэгухэм **еблагъэ махуэм** зы жэ щхьэ медаль зыкъуэ кьащьыхуэхьауэ аращ ди спортсменхэм - цIыхухъуэр скелетонымкIэ щыз эпеуэм **Третьяков Александр** ещанэ зыхуэу.

Щэфэтым Урысей Федерацэр Iыхьэнщэ дыдэу кьэнащ. Олимпиадэм я махуэм щекIуэкIа зы зэпеуэм абы и лIыкIуэхэр кьыщыхьэжаныкIыфакъым. Хэт ищIэн, псори кьыкIэлъыкIуэм пагъащIыуэ кьыщIэжьынут.

Пэж дыдэуи, ди спортсменхэм **мазаем и 21-м** медаль лIэужьыгьуэ псоми ящыщ зыIэрагъэхьащ. ЦIыхухъуэр биатлонымкIэ щыз эпеуэм **Устюгов Евгений** нэщанэ щеуэм щэрыуэ дыдэу кьыщIэжьащ. Ар ЩIэныгъэ институтым и унафэщI **Барсфой**, КъШР-м и ТхакIуэхэм я союзым и унафэщI **Бэчыжь Лейла, Акьбащ Фатlимэ** сыуэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен.

Устюгов Евгений.

Урысей Федерацэм биатлонымкIэ и цIыхубз командэ кьыхэхар.

ЩIалэгъуалэ правительствэр хьэзырщ

КЪБР-м и Президентым и Администрацэм и УнафэщIым и къуэдзэ - КЪБР-м и Президентым и Администрацэм къэрал къулыкъум, кадрхэм, щIыпIэ самоуправленэм я IуэхуэхэмкIэ и управленэм и унафэщI Власов Александр хэту иджыблагъэ екIуэкIащ республикэм и ЩIалэгъуалэ правительствэм я зэIущIэ. ЩIэуэ хахьжа а жылагъуэ органым цыхуэ 18 хэтщ.

ЩIАЛЭГЪУАЛЭ правительствэм и унафэщI Щокъарэ Залинэ зэрыжиIамкIэ, нужь дыдэу я къулыкъуэхэм ягъэуващ узынщагъэр хьумэныкIэ министр Батырбековэ ФатIимэ, транспортымкIэ, связымрэ гъэзу хозяйствэмкIэ министр Золотухин Александр, Тарифхэмкlэ къэрал комитетым и унафэщI Темукуевэ Малика сымэ.

ЩIалэгъуалэ правительствэр 2010 гъэм зэрылэжьэну планым кьыщыгъэлъагъуэ гъэсэныгъэ нэхъыщхьэу зыбжанэ. Абыхэм ящыщхэр унагъащIэхэм защIэгъэкъуэныр, щIалэгъуалэм я хэкур фIыуэ яIъагъуэ гъэсэныр, ахэр лъжьыгъэ IэнатIэкIэ кьыдэгъэпэщыныр, нэгъуэщIхэри. МыхьэнэшхуэУ зиIэ Iуэхуэхэм ящыщ кьаIытащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу щIалэхэмрэ хьыджэбзхэмрэ щIэзэхуэхэм, зи чэзу Iуэхуэхэм щытепсэтыхьыкIи щIыпIэ кьыззэгъэпэщынущ.

ЩIалэгъуалэ правительствэм и зэIущIэм кьыщапщытэжащ унагъуэ нэхъ хуэмыщIакъэм, сабий куэд зиIэхэм ядэIэпыкъуным хуэунэтIа «Сабийхэм щIымахуэр кьатемыхьэлъэу ирегъэхьын» псапащIэ Iуэхум кьрикIуахэр. ЩIалэгъуалэ правительствэм хэтхэм кьызэрагъэпэща гупхэм щыгъын хуабзэхэмрэ ахъшэрэ мазитlкIэ зэхуахьэсащ. Абы ипкъ иткIэ унагъуэ 16-м щыгъынкIэ, щхьинкIэ ядэIэпыкъуащ.

ЗэIущIэм щыдалыытащ ЩIалэгъуалэм правительствэм дэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министр Мэлбахъуэ Алим КъБР-м и вузхэмрэ курыт специальнэ еджапIэхэмрэ я социальнэ факультетхэм щIэс студентхэм папщIэ семинар кьызэгъэпэщыным теухуауэ кьыхихьхьар. ЗэIущIэм апхуэдэу кьыщащтащ инновацэ мурадхэмрэ проектхэмрэ я республикэ гъэльэгъуэныгъэ-жармыкIэ егъэкIуэкIыныжкIэ пылъхьэнэр.

Фигу кьэдгъэкIыжынщ ЩIалэгъуалэ правительствэ кьызэгъэпэщыныжкIэ жэрдэмыр КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен 2008 гъэм и бадзэуэгъуэ мазэм кьыхилъхьауэ зэрыщытар. Ар зытеуха мурад нэхъыщхьэр щIэблэщIэр республикэм и политикэ, социально-экономикэ гъащIэм зыубгъуауэ кьыхэщIэныр. «Кадрхэм я резервыбгъ кьызэрэгъэпэщыныжкIэ ящIэ икIи абы папщIэ кадрхэр гъэсэныр тэмэму зэтегъэуваплъхьащ. ЩIалэгъуалэ правительствэр сэбэн хъунущ Iэщ Iагъэлъ ныбжьыщIэхэр республикэм и хозяйствэм и органхэм лэжьакIуэ кьешIэлIэныкIэ», - жиIащ КъБР-м и Iэтащхьэм, ар ЩIалэгъуалэ правительствэм хэтхэм щахуэзам щыгъуэ.

КОНАКОВ Хьэсэн,
КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ IапIэм и лэжьакIуэ.

Иджыри автобуситху

«Налшыкмежтранс» муниципальнэ унитар Iуэхущ IапIэм мы махуэхэм автобуситху лизингкIэ кьащIэхуащ.

АБЫКIЭ дэIэпыкъуэгъу хъуащ республикэм и кьалащхьэм и администрацэмрэ **Эндреев Борис** зи унафэщI «Налшык» коммерцIэ банкымрэ. Автобус кьэс сом мелуани 3-рэ мини 6-рэ щIатащ. Ар ильэсищым кьриубыдэу кьалэжьыжынущ.

- Автобусхэр Налшык - Краснодар, Налшык - Новороссийск автомобиль гъэзгуэзм тедгъэувэнущ. Сыту жыпIэмэ, ди цIыху куэд а кьалэхэм макIуэ, хэхъуэ хъарзыни кьыпокIуэ. Китайм щащIа а автобусхэр Краснодар щыIэ фирмэм кьыщытщэхуащ, - кьыхигъащ Iуэхущ IапIэм и унафэщIым и къуэдзэ **Льешишэ Анзор** дыгъуасэ журналистхэм щаIущIам. - Ди шоферхэм дахэпIэлъэжри, абыхэм дэдгъэтIысхьэн щхьэкIэ, зи лэжьыгъэм абыхэм хуэIэижь, гудзакъэ зиIэ, зи ныбжьыр илъэс 30-м щIимыгъуа щIалэхэр къыхэтхащ. Дзыхь зыхуэтщIахэр а гъуэгуэхэм куэд щIауэ щызоIуэ, фIыуэ яцIыхури, я къаланхэм дагъуэншэу зэрыпэлъэщынур ди фIэщ мэхъу.

Iуэхущ IапIэм и унафэщIым и къуэдзэм зэрыжиIамкIэ, автобусхэм я лэжьакIэм мащIкIэ зыгъэлъэ кIэлъыплъынуръ, абы тетуауауэ дяпэкIи я бжыгъэм хагъэхъуэнущ.

«Налшыкмежтранс» МУП-м и шоферхэр дызэрыт тхьэмахуэ зэхуакум гъуэгу техьэнущ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

● Дыгъуасэ

Власты хущIэкъурэт?

Тыркум и правительствэм дзэм и унафэщI куэд иубыдауэ тутнакъэщым зэрыщIыгъым Евросоюзэм США-ри егъэгуэзаВэ.

Дзэм и унафэщI нэхъыщхьэхэм ящыщу яубыдар цIыху 49-рэ мэхъу. Абыхэм яхэтщ къулыкъым нэхъапэ IэкIэ трагъэкIауэ щыта генерал 17, нобэр кьыздэсым дзэм къулыкъу щызыщIэ адмиралхэри. Ахэр псори ягъэкъуэншэ къэралым властыр щыубыдыну иужь зэритамкIэ. Яубыдахэр дыгъуасэ судым ирашэлIащ, зэрагъэкъуэншэмкIэ жэуап кьыпхахьи мурадкIэ.

Экспертхэм кьызэралытэмкIэ, иужьрей илъэс зыбжанэм дзэм и унафэщIхэр иужь итащ правительствэм и зэфIэкIыр, и къарур кьэгъэтIэсхьэным. Ахэр хущIэкъурт щыкубгъэ кьызэщIэнэным. Араущ щыжаIэри къэхъуар правительствэм зихьумэжьи папщIэ илэжьу аркъудейуэ.

Рубыдахэр зэрыкъуэншэм щэч кьытрахьэжакъым «Молот» эфIаща дзэ гъэсэныгъэхэр екIуэкIа нэужь. Ахэр хуэунэтIат кьалэ уэрамхэм зэхэуэ щегъэкIуэкIыным зауэлIхэр хуэгъэсэным.

Псыдзэ нэужьым

Португалием и Мадейрэ хьIыгъум щыIа псыдзэм хэкIуэдар щыIэу 42-рэ мэхъу.

Иужьрей илъэсу 100-м кьриубыдэу а хьIыгъум кьыщыхьуатэкъым апхуэдэ кьэхъукъащIэ щынагъэ. Португалиер махуищкIэ яхуэщыгъэнущ хэкIуэдахэм. ЗыIыгур зыхуей хуэгъэзэжьным текIуэдэну мылькур кьэралым кьрапытынущ. Майдерэ и кьалэ нэхъыщхьэ Фуншал и уэрамхэм гъэжьбзэжьын щIадзащ. А Iуэхур блыщхьэ пщIондэ зэфIэкIыну хуагъэфащэ.

Къэхъуар хьIыгъум и экономикэм дежкIи удынышхуэщ. Абыхэм хэхъуэ къахуэщхьэр турист куэд зыплъыхьакIуэ къызэрыкIуэраци, пIалъэ гуэркIи ахэр щыщIэ дыдэ зэрыхъунум шэч хэлъкъым.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Зэрымыарэзыр утыку кърахьэ

Алыджым пэжьакIуэхэм зыкъыщIэтащ.

Сыкъэт зыбжанэкIэ а Iуэхум япэ щищащ правительствэм и унэм деж щызэхуэса цIыхуи 150-р. Ахэр псори коммунист партым щыщхэщ.

Алыджыр ящыщщ США-м кьыщежьа кризисым Европэм зи лъэр щыщIиуда кьэралхэм. Демонстрацэ езыгъэкIуэкIэр арэзыкъым а кризисым кьикIыным теуухуауэ властым илажь IуэхугъуэхэмкIэ. Зыкъзэзыгъэхэм ядэрыкым 13-14-нэ улахуэхэр дяпэкIэ ямытыжыну зэрыжаIэр, пенсэ ныжьым илъэс 70-м нэс хагъэхъуэну зэрамурадыр, къэрал, унейIуэхущIапIэхэми улахуэр щагъэмэщIэным правительствэр хущIэкъу зэрыхъуар.

Урысей Федерацэм биатлонымкIэ и цIыхубз командэ кьыхэхар.



ЗэкIэ пIащIэркъым

АБХЪАЗ. *Ираным и лIыкIуэр Урысей Федерацэм щыIэ Саджади Махмудреза Сейед иджыблагъэ жиIащ Абхъазымрэ Осетие Ипщэмрэ я къралъхьэ щыхуэхуэр Тесеран къыдыштэм мурад зэримыIар.*

- КУРЖЬР Абхъазымрэ Осетие Ипщэмрэ зэрытеуауэ щытар дэ гущIыхьэ тщIыхьащ икIи куржьыр дгъэкъуэнщащ зэрахьа щIэпхъаджагъэм щхьэкIэ. Дэ дыхьэзыр псапащIэ Iуэхугъуэ и лъэныкъуэкIэ абыхэм дащIэпIыкъуну икIи Абхъазымрэ Осетие Ипщэмрэ мыльку яхуэдэтIыпщыну, ауэ ахэр къралыгъуэ щхьэхуэу къэтлытэныр ди къэрал политикэм зэкIэ хэткъым, - жиIащ Ираным и лIыкIуэм.

Ректорхэр зэхуос

АДЫГЕЙ. *Кубань къэрал университетым идкыблагъэ щекIуэкIащ Краснодар краймрэ Адыгеймрэ я еджапIэ нэхъыщхьэхэм я ректорхэм я зэIущI.*

АР ТЕУХУАУЭ щытащ егъэджэныгъэ IэнатIэм нанотехнологиехэр кьызэрыщагъэсбэн щыкIэхэм. ХьэщIэхэм зрагъэлъэгъащ Кубань къэрал университетым и идкырей щIэныгъэ кьэхутэныгъэхэр. Апхуэдэуи ахэр щыIащ библиотекэмрэ нанотехнологиемкIэ центрымрэ. Университетым и библиотекэр Урысей Ипщэм щыныхь инхэм ящыщ. Абы щызэхуэхьэсащ пасэрей тхылъхэр, электронно каталогыр, мультимедийнэ залрэ иIэщ.

Вэн-сэным пежьэу

Урысей Ипщэм и щIыналъэхэм гъатхэ вэн-сэным ельэIа Iуэхугъуэхэр зэрыщрагъэкIуэкIыжынущ теухуа зэIущIэ иджыблагъэ Дон Iус Ростов къалэ щекIуэкIащ.

Абы и лэжьыгъэм хэтащ Адыгейм мэжъмышынкIэ и министр Петров Юрий.

АДЫГЕЙМ Мэкъумэшымкlэ и министерствэм кьызэритамкIэ, гъатхэ губгъуэ лэжьыгъэхэр республикэм щрагъэкIуэкIынущ Урысей Федерацэм Мэкъумэшымкlэ и министерствэм кьахэкIуэнгъуэ планым тету. Хьэщэпэцэм щIэупщIэзэримыIэм кьыхэкIыу щIыналъэм щыхащIэнур Iэщ гъэхъуэ IэнатIэр эрыкъунум хуэдизщ. Псалъэм папщIэ, хьэм хуэхъ щIыр ягъэмэщIэнущ, ауэ нартыхуу, соеу, фошыгъу жэгундэу нэхъыбэ хасэнущ. Псори зэхэту гъатхэсэм гектар мин 98,8-рэ иубыдынущ.

ЗэIущIэм апхуэдэуи щытепсэлъыхьащ техникэкIэ, гъэсанпIэныхьэмкIэ щIыгъэпщэрэхэмкIэ щIыналъэхэр кьызэрэгъэпэща зэрыхьэуным.

Нэхъ мащIэ мэхъу

2008 гъэм елъытауэ 2009 гъэм Адыгейм щыхуу дунейм щехъжьэм процентщ 5,7-кIэ кIэрыхуащ. Апхуэдэу щыхуэкIи а илъэситIыр зэхуэдэдэмэ, кьыльхуэхэм я бжыгъэм игъэбэ кIэрыхуащ.

«Сабий кьалъхуэгъащIэу лIэжьам процент 18,8-кIэ, анэхэм процент 31,7-кIэ кIэрыхуащ» - къытащ Адыгейм Узынщагъэр хьумэныкIэ и министерствэм.

Гъавэм щIы нэхъыбэ хухах

КЪЭРЭШЕЙ-ЩЭРДЖЭС. *Республикэм и мэкъумэшыIэхэм я мурадри дыдэрыт илъэсым гъатхэсэм хуэхах щIым процентищкIэ хасъхъуэну икIи ар гектар мин 80,8-м нагъэсыну.*

- ПСАЛЪЭМ папщIэ, хьэщэпэцэм гектар мин 32-рэ хуэхтыжыну, сэхураным гектар мин 10, соем - гектар мин 2,2-рэ, хадэхэкIым - гектар мин 3, кIэртIофым - гектар мин 17. Абы нэмыщIкIэ, жэгундэр гектар мин 9-м тращIэнущ. Ар иэгъабэрейм ельытауэ процент 32-кIэ нэхъыбэщ, - жиIащ КъШР-м мэкъумэшымкIэ и министерствэм и кьудамэм и унафэщI Пронозэ Николай.

ХЬЭЩЫКIУЕЙ Олег.

ПIалэнэрэ зыгъэхьэзырар ГъУЩIОЗарифэ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Акъылым уасэ иIэкъым, гъэсэныгъэм гъунэ иIэкъым.

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

Жьым щытхъуи, щІэр къащтэ

УФ-м и щыналъхэм Іэтащхьэхэр щыізэрахьуэкІ.

● Дагъыстэн

ДАГЪЫСТЭНЫМи президент хъуащ политик ныбжьыщІэ Магомедов Магомедсалам. Республикэм и Щыхубэ Зэхуэсым и депутат псори арэзыуэ абы а къуькІыр иратащ. УФ-м и Президентым и лЫкІуэу Кавказ Ищхъэрэ Федеральнэ округым щыІэ Хлопоник Александр Щыхубэ Зэхуэсым къыщыщыпсапсЪэм жиІащ Дагъыстэным зиужьыныгъэ щыкІыпащІэ Іуэхухэхэм Магомедовыр зэрапэльэщынум щэч къызэрыримыхьэр.

Магомедовым Парламентым фЫщІэ хуищІащ дзыхьышхэу къызэрыригъэзащ папщІэ. Абы депутатхэр кІыгъэгугащ республикэм и экономикэ гъэпсыкІэм щІэ куэд хилъхьэну, «Москва ахъшэ нэхъыбІэ къыІэщІагъэкІыным хущІэкІуэу» зэрыщытар діяпэкІэ зыщагъэгъупщэн хуейуэ жиІащ.

Магомедов Магомедсалам 1964 гъэм Дагъыстэным къыщалъхуащ, ар республикэм и унафэщІу щыта Магомедов Магомед-Алий и къуэщ. 1986 гъэм Дагъыстэн къэрал инженерситетыр кІыхуащ, 2001 гъэр къэсхуэу егъэджакІуэ лэжьыгъэм пэрытащ. 2001 - 2006 гъэхэм республикэм и правительствэм Каспий тенджызым щыщІу Дагъыстэным ныхуэзэ щыпІэр къэгъэльэпІыкІыным и лэжьакІуэ гупым и унафэщІу щытащ. 2006 - 2007 гъэхэм Щыхубэ Зэхуэсым и унафэщІ къулыкІыр иІыгъащ, парламентым и депутатщ.

Магомедовым зэрихъэкІыныгъэ илъэс 69-рэ зи ныбжь президент Алиев Муху, 2006 гъэм и мазаем къыщыщІэдзауэ а къулыкІыр зезыхьэр. Алиевым и пІалъэр мы мазэм ещ.

Магомедовым и кандидатурэр УФ-м и Президент Медведев Дмитрий Дагъыстэным и Щыхубэ Зэхуэсым мазаем и 8-м къыщыхитхьащ. А махуэ дыдэм апхуэдэу Президентым Красноярск краеврэ Хуэнчэн Лев, Ханты-Мансийск автном округым Комаровэ Наталье, Еврей автном областым Винников Александр сымэ щыналъэ унафэщІхэу ягъуэтащ.

Щыналъэхэм я парламентхэм нэхъыбапІэр щызыІыгъ Щыхубэ щыт Урысей- партырщ зи гугъу тщІы Іэтащхьэр зыхьыхэр.

«Северный Кавказ».

Урысейм зэрызыжьэ щІыкІэм и гугъу щащІкІэ политикхэмрэ ІэщІагъэлі Іэхэмрэ Іэджэрэ ягу кьагъэкІыж блэкІа лІэщыгъуэм и 90 гъэхэр. Гайдар Егор дунейм ехыжа нужь, куэд нэхъ тепсэльыхь хъуащ а лъэхъэнэм. Ахэр тІу зэрэщыкІащ: язныкьуэхэр Гайдар и гупым и гъэльэщ, адрейхэм ди къэралым кьыщыщІа мыгъуагъэ псори зыхуахьыр ахэрщ. Псом хуэмыдэу «урысей реформэхэм я адэм» тохъущІыхь Москва и иджыпей унафэщІ Лужков Юрийрэ нэхьапэм а къулыкьур зыІыгъа Попов Гавриилрэ.

Ельцинрэ Гайдаррэ я реформэхэм зи псэр хэкІ экономикэр кьаратэла е абыхъэм ихьэкІ-кьуэкІагъэ зыхэль капитализмэм дихуаша? Абы топсэльыхь а Іуэхуэхэр зи нэгу щІэкІахэр.

Къригъэла хьэмэрэ итхьэла?

- СытытІГайдар щыщыдыхьэшхыр?

● ПсэукІэ

- Реформэхэр, щэч хэмылъу, егъэкІуркІын хуейт. Ауэ сыт хуэдэ Іэмалхэмкі? Ди дежь ахэр мытэмэму икІи епІэщІэкІыу щыізэфІагъэкІащ.

Профессор Сакс зи Іэдакъэ щытхъэ американ Іэщ Іагъэлі гупым щыри зыщыкІыртэкъым урысей экономикэм. Абыхъэм Москва кьащащ 1980 гъэхэм я кІэухым. Латин Америкэм папщІэ зэхалъхьа программэр (жьытІэнщи, ар абыи щахуэгъэ ззэщІакъым). Ауэ Гайдар ар кьинхъуэтащ. НэгъуэщІу Іуэхум бгъэдыхьамэ, ар ахэм зэхэпхьэу зэхуэсыфынкІи хьунт. Арщхьэкіэ апхуэдэу зэрыщыуам и зэранкІэ, хуейми хуэмеими, къэралым тхьэмыщІагъэ ин дыдэхэр кьыхихащ, щыжу мелуанинщІэхэр факъыпэ ящІащ.

1991 гъэм и жэпуэгъуэм щыхуэбэ депутатхэм я съездым лэжьэн щІидзащ. Ельциным жеІэ 1992 гъэм «уасэхэр ди къэралым хуиту зэрыщагъ-тІыпщыр». Іэтащхьэм и псалъэхэм тепщІыхьмэ, мазих нэхъ дэмыкІыу ди тыкуэнхэм хьэпшыпхэр щІэз хьунут. Депутатхэр зэщІэдыхьэшхащ, язныныкьуэхэр губжьащ.

Хьэпшыпхэр тыкуэнхэм щІэз хъуащ, арщхьэкІэ 1992 гъэм и ГъатхэпэМ уасэхэм хуэдэ минитІ заІэтащ. Инфляцэм апхуэдизу зэрызрычамкІэ заригъэумысыж Гайдар идэртхьэм, парламентым къыщыщыпсапсЪэм абы депутатхэр зи щыдыхьэшхыпэмкІи. 1992 гъэм ахъшэхэр зыри кьызыщІэмыкІыж тІыпльымпІэхэм хуэкІуащ. Абы и зэранкІэ заВавилов зэрыувІащ. Щыналъэхэм я Іэтащхьэхэр Москва кьащІуэр т, ядэІэпыкъун лЫхьэу эу. Арщхьэкіэ Гайдар-рэ абы и министрэхэмрэ абы щыдагъэ-газ Іэнатіэмрэ я Іуэхуэщ Іапі эхэр къэралым кьыхуэгъэнэжьын хуеящ. ЕтІуанэрауэ, реформаторхэм приватизацэ чекэм я купщІэр зэрыгъэуІэбащ. Я Іпэ щыкІэ я гъэуват абыхъэм щыхуэхьэ хъэм я цІэ-унэцІэ хэр тратхэну. Апхуэдэ щыкІэкІэ аэр тІыншу пчэущэнытэкъым. Я Іуэхуэт ахэр ахъэхэм хІльхьэну. Кьапэкіуэ ахъшэр щыхуэхэм я ахъшэ хъумапІэ тхьылъэм кІу эн хуейт. Арщхьэкіэ бзаджэнаджэхэм ар-кьэ птулькІэкІэ чеч хэр ящэхуащ, апхуэдэ щыкІэкІи предприятэ ин дыдэхэр зыІэрагъэхьащ.

Реформэхэм кьулей ящІащ щыхуэхэм я процентхэр 8-10-р. Абыхъэм доллар мелард 300 хуэдизу и уасэ кьэрал мыльку зыІэрагъэхьащ. Кьэрал Іэнатіэр зэретІысэхам кьыхэІыу аргуэру доллар меларди 180-рэ зэрапэуцуащ. Ауэ щыкІэкІэ псори зэхэту апхуэдизу ахъшэкІи ди жылагъуэр кьулейсыз хъуащ. Мис араща щыхуэхэм я процент 75-м я улахуэхэр, пенсэхэр щІэщыкІыр.

Ди къэралым кьыщыщІам псоми дерс кьыхахащ дэр нэмыщІ. Псалъэм и хьэтыр: «Абыхъэм доллар мелард 300 хуэдизу и уасэ кьэрал мыльку зыІэрагъэхьащ. Кьэрал Іэнатіэр зэрет

● Дифі догьэлъапІэ

Зи къэхутэныгъэхэр щІэнгъуазэ пэлъытэ 80

КІуэкІуэ Жэмалдин лъэпкъ щІэныгъэлІ пажэхэм ящыщщ. Ар филологие щІэныгъэхэм я докторщ, КъБКъУ-м и профессорщ, КъБР-м щІэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэщ, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреатщ, УФ-м Естественнэ щІэныгъэхэмкІэ и Академием и академикщ, ЩІэныгъэхэмкІэ Дунейпсо Адыгэ Академием хэтщ.

Дзэлыкъуэ куейм хыхьэ Малкэ кьуажэм щыпсэу адыгэ унагьуэм 1930 гъэм кьыщалъхуащ. Кьуажэ школ нэужьым щеджащ Налшык дзэ педучилищэм. Ар кьиуха нэужь, 1948 гъэм лэжьэн щыщІидзащ я кьуажэ школым. Бзэхэр джыдымкІэ зэчий заГъэдэлъ щІалэщІэр дихьэхащ урысыбзэмрэ литературэмрэ сабийхэм егъэщІэным, абы хъарзынэу екъуІЭуп лажьэрт.

Арцхьэкъ щІэныгъэм хэтыжьуеннщэ Жэмалдин Къэбэрдей пединститутым и урысыбзэ кьудамэм 1949 гъэм щІэтІысхьащ, икІи екъуІэныгъэкІэ ар кьиуха нэужь и щІэныгъэм щыхигъэхьуащ Ленным и цІэр зэрихьэу Москвэ дэт къэрал пединститутым и аспирантурэм. 1958 гъэм абы и кандидат диссертацІэр кьалащхьэм щыпхигъэкІащ икІи филологие щІэныгъэхэм я кандидат цІэр кьыфІащащ.

1975 гъэм КІуэкІуэм утыку кьиурхьащ и щІэныгъэ лэжьыгъэ ныр. «Адыгэ (шэрджэс) ономастикэр (топонимиер, антропонимиер)» доктор диссертацІэм мыхьэнэшхэу пІащ а щІэныгъэ уэнэтІыныгъэм и лэжьыныкмкІэ. Кьыщытхъуу ар Тбилисиз щыпхигъэкІауэ щытащ Жэмалдин икІи филологие щІэныгъэхэм я доктор хъущ.

Урысыбзэмкі э кафедрэм и егъэджакІуэ КъБКъУ-м лэжьэн щыщІэзыдза КІуэкІуэр а кафедрэм и доценту, и

унафэщІу, филологие факультетым и декану лэжьащ. Иджыпсту Жэмалдин КъБКъУм бзэм и тхыдэмрэ зэгъэпщэныгъэ бзэ щІэныгъэмкІэ и кафедрэм и унафэщІу, студентхэр егъэджэным кьыдэкІуэу, щІэныгъэ-кьэхутэныгъэхэри иregъэкІуэкІ. Кавказым и тхыдэр джыдым епха щІэныгъэм и ономастикэр кьудамэщІэм и лъабжьэр зыгъэтІылъа КІуэкІуэм а унэтІыныгъэмкІэ зэфІихьа кьэхутэныгъэхэр нэгъуэщІ щІэныгъэлІхэм (бзэр зыджэм, тхыдэтхэм, географхэм, н. кь.) сэбэпышхэуэ яхуохъу. Адыгэ, балькъэр, урыс ономастикэмкІэ абы и щІэныгъэ лэжьыгъэхэр гъэгугъэльагъуэ яхуэхъуащ Кавказ Ищхьэрэм хьихь щІэныгъэ унэтІыныгъэхэм зыщагъэжьыным. КІуэкІуэр ди республикэм и мызакъуэу, кьэрал псом ономастикэмкІэ ящыщ. А щІэныгъэм теухуа ятхылъри ди щІыпІэм кьыщыдэзыгъэжІар аращ.

Профессорыр щІэх-щІэхьыгъэ кьыщІопсалъэ щІэныгъэ зэхьыбзэм, ар ирагъэблагъэ ди адыгэ унагьуэм хамэ щІыпІэхэми щекІуэкІ дунейпсо зэхуэсхэм. Апхуэдэу КІуэкІуэм и тхыгъэхэр щІэх-щІэхьыгъэ кьытохуэ кьэралым кьыщыдэкІ щІэныгъэ журналхэм, газетхэм. Ар ятІонэрэ гъэм кьыщІэкІащ адыгэ, балькъэр топонимикэхэмкІэ ономастикэмкІэ гъэм кьыщІэкІащ адыгэ, балькъэр топонимикэхэмкІэ ономастикэмкІэ «Нарт» эпосым и ономастикэмкІэ псалъалъэ, курыт школым урысыбзэр зэрыщегъэджыпхъэм теухуа лэжьыгъэхэр. КІуэкІуэм и Іэдакъэщ Іэкі щІэныгъэ-кьэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр 140-м щегъэ, абыхэм ящыщу 20-м щІигъур тхылъ щхьэхуэхэщ. КІуэкІуэм щІэныгъэ куу зэрыдгъэзэдэлъым и щыхьэ тщ ар КъБКъУ-м кавказыбзэхэмкІэ, тыркубзэхэмкІэ Іэщ Іагъэлъ Іэм я диссертацІэ советым и пашэу зэрыщытыр, УФ-м Филологиемкі э и кьэрал совет нэхьыщхьэм пльэс куэд ІыандэрэІ зэрырэхтыр.

Нобэ КІуэкІуэ Жэмалдин и ныбжьыр ильэс 80 ирокІу. Ар ди щхьэ ущысыгъуэу дэ абы упщІэ зыІыжьанэкІэ зыхуэдгъэзащ.

КІУЭКІУЭ Жэмалдин:

Адыгэ фІэщыгъэхэм

я нэхьыбэм лъэпкъым и бзэукІэр хыбольагъуэ

- Жэмалдин, Дзэлыкъуэ куейм кьыкІэ щІэныгъэлІхэм я гугъу щащІкІэ, фи унагьуэцІэр япэу кьрагІуэхэм ящыщщ. Жкъыщхь экІа унагьуэмрэ уи сабиригъуэмрэ я гугъу кьытхуэпщыжамэ, ди гуапэт.

- Си адэ-анэ КІуэкІуэхэ Нахьуэрэ Сэймэтрэ адыгэ унагьуэ кьыззэрыгуэкІыу Малкэ кьуажэм щыпсэуахэм ящыщщ. Абыхэм быниплІ дрАІащ: сэ, си шыпхъу Тамарэ, си шыпхъ Іуэрыдэ Іуэрыдэ Хьэсэнбийрэ. ЩІэныгъэшхуэ ябгъэдэмылъами, ахэр жыджэру хэтащ ІэщыгъэщІэр ди щІыналъэм щыгъэуэвыным. Си адэр финанс Іуэхум, сатум, экономикэм фІыуэ хэзыщІыкІ цІыхуу щытащ. Ар ильэс куэдкІэ хэзыгъэ потребкооперацэм, абы и лъабжьэр ди куейми Псыхуабж щызыгъэтІылъахэм. ЩІэныгъэм и кьарур зыхуэдизыр, абы и ныкъо ящыщу уэзэрпшэфыныр кьызыгурыІуэ ди нэхъыжьхэм яхуэзэфІэкІащ я бынхэм тщыщ дэтхэнэмэ щІэныгъэ нэхъыщхьэ, зэрыпсэуэн Іэщ Іагъэ дагъэгъуэтын. Абыхэм дагъэлъэгъуэ щапхъэм щІэтІыкІащ ди кьыгтІыжьуэ сабийхэри абыхэм я щІэблэри.

Си сабиригъуэм и гугъу щыІмэ, ар Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм хиубыдащ икІи си нэгу щІэтщ ди жьалэм бий сэлэтхэр кьыдыхьэу абы хуиту зэрыдэтар, Іэгъуэблагъэм щекІуэкІа зэхэуэхэр. Сэ абы щыгъуэ ильэс 11-12 сихьуу арати, зыхьуэмэхьи зэрыхуэфр сшІэртэжьыми, сышыпэртэжьыми. Си ныбжьэгъу щІалэ цыкІуэхэр си гьуэсу бийм дыкІэлъэплъырт, абы зэранеГъэу кьытхуихьым дриззэгъэпу. СощІэж нэмыцІэдзэр жэщу щыдэкІыжьми, Балькъэпс тельа лъэмыжкышхэр кьагъэзауэу зэрыщытар. Ар кьэдрэ си нэгу щІэтащ. Нэхь балигъ дыхьэри, еджэным сыдихьэ хащ. ЗрысыбзэмкІэ школым сышІесыгъэджка Крашенинников Рамсэ бзэм и дахагъэм сыдригъэжьхьфащ. Арауэ кьыщІэкІынущ бзэ щэныгъэр Іэщагъэ схуэхьуныр кьызыхэкІар.

- ЩІэныгъэм щыгъэ яп лъэбакъуэхэр сыт хуэдэт уи дежкІэ?

Си лучылищэр кьэзыхуэ кьуажэ школым лэжьэн щыщІэздза дыдэм щыгъуэ, сэ гу льыстащ (урысыбзэкІэ езгъаджэми) сабийхэм адыгэбзэкІэ яджьэн тхылъ кьаэрежэщІэкІкІым. Абы щыгъуэ урысыбзэм кьэсхри адыгэбзэкІэ зэздзэкІауэ щытащ Дмитриевэм и рассказ «ЩІалэ цІыкІымрэ Жучкэрэ». Ар ягу ирихьауэ щытащ абы щыгъуэ тхылъ тедзапІкІэ зыбжанэрэ сащыхуэзащ туристу гуп хэхаХэм. СощІэж, абыхэм ящыщ зым сригъуэсу Кавказ бгы дыкъуакъуэм сыщІэхэпрыкІауэ зэрыщытар. Абы щыгъуэ кьызата «ССР-м и турист» дамыгъэм кьуэдрэ гтхуэ гтыкІэ кІыжь си щІалэгъуэр.

- Туризмэр уи щІэныгъэкъэхутэныгъэхэм я джлэс зэрыхьэм хуэдэ дыдэуи, сыз эрыщыгъуаззэмкІэ, апхуэдэ щІэныгъэ экспедицэхэм ятептхьыхьыжа тхылъхэри нэгу зегъэужьыным Іэмал хуэхъурт. Зи гугъу сщІыр щІым и хъуреягъыр кьызэрыззэхэпхьауэ щытарщ.

- Пэ жу, си тхылъхэм ящыщ гуэрхэри сэбэп кьыхуэхъуащ дунейр зэрыгъэльагъунымкІэ. ТопонимиемкІэ зэрыщІэдзауэ щытащ а «Адыгэ щІыпІэщІэхэр» тхылъыр кьыщыдэкІам щыгъуэ, абы хуэмІуэ гонорару сом мин 2-р сом 200-р кьызатащ. Абы сыщыгтепсэлъыхьыжьІэ, си пкъырыпльхуэр кьыдэоупщІ: «Дадэ, ар куэдт хьэмрэ машІэт?» - жаІэри. Абы и жэуапыр мыращ. Си гонорарым щыщ сом 750-р кьасщтэри туристу тиртёмкъ кьэщІэхуэу щытащ. «Пушкин Алек сандр» жыхуиІэ кхъуэкьым сису щІыпІэ куэд кьыззэхэскІыхьащ. Зэпычча ГъэгуанэмкІэ кьызэщІыбыдащ Стамбул - Афины - Неаполь - Рим - Париж - Лондон - Копенгаген - Стокгольм кьалэщхуэхэр. Сэ а щІыпІэхэм щызэзэгъэльэгъуауэ щытахэр куэдрэ си нэгу кьыщІохьэж, абыхэм ятеухуа тхыгъэхэри сурэтхэри щыІэщ.

Апхуэдизэ хьугъуэфЫгъуэр слъагъуну Іэмал кьыззэзытар тхылъым папщІэ кьызата гъэжьапщІэм и Іыхьэ щанэрт. ИтІанэ фэ жьыфІэ абы щыгъуэ кьысхуагъэфэщауэ щыта гонорарыр куэдми машІэм.

- Жэмалдин, уэ кьэдрэ уэхтащ кьэралпсо, дунейпсо зэхуэсхэм. Абыхэм я гугъу кьытхуэщыжыкІ

- Топонимикэр, ар зыхьыжьэ ономастикэмкІэ уэдау, бзэ щІэныгъэм щыщу езы бзэм, тхыдэм, географием, нэгъуэщІ щІэныгъэхэм я зэпыІыпІэм кьыщыунэхуа Іыхьэщ. Ди къэралым абы зыІужьыныгъэ щыщиГэтар іІэщІыгъуэ блэкІам и 50 гъэхэр щІэщІыгъуэ ящыщ. Абыхэм я ныгъэщІэм «псэ» кьыхьхьэ кьудейуэ арат сэ абы сыщыдихьэхам щыгъуэ. ЩІыналъэ зэхуэмыдэхэм кьыщызэгубуея кьэхутэныгъэр си тхылъхэм, статьяхэ кьэдым кьыщІэгъэнэкІ. Зи ныгъэ зэхуэмыдэ щІэныгъэхэм и унэтІыныгъэщІэм «псэ» кьыхьхьэ кьудейуэ арат сэ абы сыщыдихьэхам щыгъуэ. ЩІыналъэ зэхуэмыдэхэм кьыщызэгубуея кьэхутэныгъэр си тхылъхэм, статьяхэ кьэдым кьыщІэгъэнэкІ. Абыхэм я ятеухуауэ мызэ-мытІэу сыкьыщІэпсэльащ ономастикэмкІэ кьэралпсо конференцэхэм Киев, Одессэ кьалэхэм щекІуэкІахэм. Апхуэдэу ди дежи и лъабжьэр щыгъэ тІыльа хъуащ а унэтІыныгъэщІэм.

Дэ тхуэдэ ономастикхэм я лэжьыгъэр ди щІыпІэхэм щызэпІэмэ, хамэ кьэралхэм я щІэныгъэм кьэзыдмыІэр сэ зыбжанэрэ сащыхуэзащ туристу гуп хэхаХэм. СощІэж, абыхэм ящыщ зым сригъуэсу Кавказ бгы дыкъуакъуэм сыщІэхэпрыкІауэ зэрыщытар. Абы щыгъуэ кьызата «ССР-м и турист» дамыгъэм кьуэдрэ гтхуэ гтыкІэ кІыжь си щІалэгъуэр.

- Туризмэр уи щІэныгъэкъэхутэныгъэхэм я джлэс зэрыхьэм хуэдэ дыдэуи, сыз эрыщыгъуаззэмкІэ, апхуэдэ щІэныгъэ экспедицэхэм ятептхьыхьыжа тхылъхэри нэгу зегъэужьыным Іэмал хуэхъурт. Зи гугъу сщІыр щІым и хъуреягъыр кьызэрыззэхэпхьауэ щытарщ.

- Си ныбжьэгъу сыдэзэпсыхэр ономастикэмрэ топонимикэмрэт Абыкъэ си зэрІэкІым хэзгъэхьуэнымкІэ мыхьэнэшхуэ я кІаща дунеепсо къэскІуэхьыну, щІэ гуэрхэр зэзгъэльагъэуну сыт щыгъуи сыхуящІэкъуу сызэрыщытым. Топонимикэм теухуауэ си кьалэмыІэм ятэ дыдэ кьыпкъыда щІэныгъэ статьяр щыстхари нэгузегъэужьакІуэ Сочэ - Адлер - Ахьцу - Псэу - Рицэ щІыпІэхэм сыщыІа нэужьщ. Абы зэрдежэр «Адыгэ щІыпІэцІэхэр» жиІэут (1966). Ари абы и ужьхэ гтхэ тхылъхэу «Балькъэр топонимие псалъалъэ» (балькъэр щІэныгъэлІ Шахмурзаевыр си гъуэсу, 1970), «Адыгэ (шэрджэс) топонимие» (1974), нэгъуэщІ-жьы щІалэжьэ яхуэхъуар щІыпІэ зэхуэмыдэхэм экспедицІэхэр зэрыщедгъэкІуэкІащ. Географие фІэщыгъэщІэхэм я ятеухуауэ абыхэм ярыт хьыбархэр щызэхэхъэсауэ щытащ щэрджэсхэр, убыххэр, абхазэхэр, абазэхэр, нэгъуэщІ адыгэ лъэпкъхэр щыпсэу Кавказ Гупэм, КъуэкІпІэ Кавказым щыІэ жьлагъуэхэм. Абы щыгъуэми гулыитэ хуэтщІащ адыгэхэм я гъунэгъуэ ильэсищэ бжьыгэ хьуауэ зэгъэпщэныкъэм я щэхэми, я щыпІэщІэхэми. Дэтхэнэ бзэми зеужь, нэгъуэщІбзэхэм ящыщ псалъэхэр езым кьещтэ, езыми нэгъуэщІ бзэхэр нэхъ кьулей ещІ. Ар ди гъэугъэльагъуэу кьэтхутащ адыгэ жьлэхэм, тафэхэм, хьупІэхэм я щІэхэм ящыщ куэдым я щІыхьэнэр.

Апхуэдэ си кьэхутэныгъэм сэбэп яхуэзэхъуащ нэхъыщхьэм я щІэныгъэ зэрыщІэдзауэ щытар. Ар ди гъэугъэльагъуэ блэкІам и 50 гъэхэм щІэщІыгъэм и унэтІыныгъэщІэм «псэ» кьыхьхьэ кьудейуэ арат сэ абы сыщыдихьэхам щыгъуэ. ЩІыналъэ зэхуэмыдэхэм кьыщызэгубуея кьэхутэныгъэр си тхылъхэм, статьяхэ кьэдым кьыщІэгъэнэкІ. Абыхэм я ятеухуауэ мызэ-мытІэу сыкьыщІэпсэльащ ономастикэмкІэ кьэралпсо конференцэхэм Киев, Одессэ кьалэхэм щекІуэкІахэм. Апхуэдэу ди дежи и лъабжьэр щыгъэ тІыльа хъуащ а унэтІыныгъэщІэм.

Дэ тхуэдэ ономастикхэм я лэжьыгъэр ди щІыпІэхэм щызэпІэмэ, хамэ кьэралхэм я щІэныгъэм кьэзыдмыІэр сэ зыбжанэрэ сащыхуэзащ туристу гуп хэхаХэм. Абы и щыхьэтщ зи Іэ щигъуэтырт. Абы и щыхьэтщ ди Хэкум щыщ адэ-анэхэр ящІэныгъэлІхэр яп дыдэ дунеепсо утыку щихьар 1972 гъэрауэ зэрыщытыр. Абы щыгъуэ Болгарием щекІуэкІащ Ономастикэмкі э XI дунейпсо конгресс. ИпэкІэ щыІа апхуэдэ дунеепсо зэхуэсэ 10-м дыдэхэтыфакъым икІи драгъэбгъэкъым, щыжьІэни щыдгъэльэгъуэни ди Іэтэкъыми, ауэ абы кьриухьІэу кьэхутэныгъэфІэкІри зэрыщІэдзауэ Іэжьыгъэ мымащІи зэфІэтхакІэт. Софие сызэрыщыІам Іэмал кьызитащ адыгэ-болгар, болгар-балькъэр унэцІхэм, щІыпІэхэм я географие фІэщыгъэхэр зэрызэпІэщІар, абы-хэм ящыщ куэдым зы кьежьапІэ, зы лъабжьэ зэрапІэр кьэсхуэтэну. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщІэ, адыгэ унэцІхэхэу Абазэ, Багъ, Шэрий унэцІхэхэр. Ахэр псори эпкъырыхауэ кьыщызгъэльэгъуэжащ «Адыгэ (шэрджэс) антропонимием теухуауэ» си тхылъым.

- ЩІэн хэмылъу, лъэпкъ ономастикэм и лъабжьэр ди щІыналъэм щызыгъэтІылъар у раща. Уи кьэхутэныгъэхэм щІыпІэщхьэ щагъэтащ дунейм. У ебІэмэ, ар унэтІыныгъэ щІыналъэхэм ономастикэмрэ топонимиемрэ щелэжь щІэныгъэлІхэм ахэр гъэгугъэльагъуэ яхуэхъуащ. Ди щІыпІэ щІэныгъэлІхэмэ яхэтхьэ уи лъэхъэнэ рикІыгъэ?

- Топонимикэмрэ топонимиемрэ сызэрелжьхьэ ильэс куэд хъуащ. А зэманым и кІуэцІкІэ, си щІэныгъэ-кьэхутэныгъэ лэжьыгъэм хэмыщІ, студентхэм ядызэгъэзэкІуэкІа бзэ щІэныгъэ унэтІыныгъэмкІэ семинар хэхаХэр, лекцІэхэми сакьыхуоджэ, бзэ зэхэуэмыдэхэм я кафедрэхэм я щІэныгъэлІхэри студентхэри хэту топонимикэмрэ антропонимикэмрэ теухуа зэхуэсхэр кьызызогъэзэщІ. ИпэкІэ а лэжьыгъэр щызэфІэкъуэсыжащ щытащ урысыбзэмкІэ кафедрэм. Иджы абыхэм елэжьу бзэм и тхыдэмрэ зэгъэпщэныгъэ бзэ щІэныгъэмрэ я кафедрэ щхьэхуэ диІэщ. Апхуэдэу диІэщ ономастикэмкІэ лабораторэ хэха. Абы щІэлъщ а унэтІыныгъэм теухуауэ ильэс блэкІахэм зэхуэхъэсэ лэжьыгъэхэр. Кьыжьыпхъэщ ди студентхэм щыщ куэд ономастикэм зэрыдихьэхыр. Абыхэм ягъэзэщІа лэжьыгъэу лабораторэм щІэльыр мащІэкъым.

КъищынэмыщІауэ, зы ильэсри кьанэржьым ономастикэмкІэ дипломрэ лэжьыгъэхэр димыІэу, абы теуэжа кьэхутэныгъэхэр, зэхьыхэ куп щІафІэхэр едмыгъэкІуэкІыу. Езгъэджакъэм кьаухэІащ си унафэм щІэту кандидат диссертацІэхэр зытхаХэри, нэгъуэщІ Іэщ Іагъэ яІэми, абы дэщІыгъуу ономастикэмкІэ кьэхутэныгъэхэм дихьэхыжу щІэныгъэ лэжьыгъэ зыгъэзэщІакъэм щеджэ студентхэри аспирантхэри зэрелэжьыр. ЩІалэгъуалэм ар щафІэхьэлъмэткІэ, гулыитэ щыхуащІкІэ, а бзэ щІэныгъэ Іыхьэм нэхьри зиужьынущ.

- Иджыпсту сыт хуэдэ къэхутэныгъэхэр ебгъэкІуэкІри, сытхэм нэхь уелэжьрэ?

- Ономастикэмрэ топонимиемрэ ятеухуауэ лэжьыгъэхэу щыІэхэм щІэн гъуни и1экъым, сыту жыпІэмэ щыхур псэухукІэ, гъащІэм зиужьыхьукІэ, Іуэхугъуэщ Іэхэри кьожьэ, абыхэм ящыщ дэтхэнэми щІэ егъуэт. Ауэ щыхьукІэ, а фІэщыгъэхэр кьызытекІамрэ я мыхьэнэрэ джын хуейщ. Апхуэдэуи нэхьапэкІэ фІащахэми дызы-хунэмыса хэтщ. Дыззэлжьыпхъэ Іуэхуэхэм ящыщ куэдым гу лыдагатэ курыт школхэм бзэхэр щезыгъэджхэм, ди студентхэм я упщІэхэм. Абыхэм яхэтщ бзэм и кьабзагъым, и кьулеягъым игъэпелйетей куэд. Абыхэм я жэрдэмкІэ дэ дытопсэльыхь щІыпІэ ономастикэм теухуа Іуэхуэхэм, кьэхутэныгъэхэр егъэзыкІуэкІы.

Абыхэм кьадэкІуэу солэжьыжьк, изогъэфІакІуэ ипэкІэ дунейм кьытезгъэхьауэ щыта тхылъхэм, языныкъуэхэри етІуанэу кьыдэзгъэкІыжьну си муращ.

Ономастикэм щыщыІэщ гулыитэ хэха хэзныкъуэ Іуэху куэд. Абыхэм ятещІыхьа щІэныгъэ семинархэр, конференцэхэр нэхьыбзэр егъэкІуэкІыпхъэщ. Апхуэдэ Іуэхуэхэм дяпэкІи селЭлІэнущ.

- Жэмалдин, щІыхьрэ пщІэрэ уиІэу, пльэкІыр лъэпкъым хуэблэжьу ильэс 80 къэбгъэщащ. Уи гъащІэ гъуэгуанэм ириплъэжьа, сытым уригъэгупсысрэ? НасыпыфІэу зыпльытэжрэ?

- «Насыпыр зэи из хъуркъым», - жаІэ. А псалъэжьыр ди лъэпкъым кьигъэщІа Іуэщыгъэщ. Гъэкъуэгу сиІэхэм ящыщщ си анэ жьэрыгуэ зэрыхуэмыпсэуар, зэшхэм ди щыпхъу закъуэ Тамарэ игъуэ нэмысу дунейм зэрехьжар. Я ахърэгъыр нэху Тхьэм ищІ...

Сэ си щхьэжьэ, си унагьуэ-кІэ, си лэжьыгъэкІэ, ехьулІэныгъэхэмкІэ, ехьулІэныгъэхэмкІэ, щыхьэ щыщ ящыщ. Хуабжьу сэбэпщ абы, унэцІхэм я тхыдэхэр, тхыкІэ хэр кьызэрыщыхьам кьыдэкІуэу, унагьуэцІхэм я лъэпкъ даМыгъэхэри кьызэрыщыгъэльэгъуар. ЩІэныгъэлІхэр абы кьыщыувыпкъым, атІэ зи дамыгъэр зэтехуэ лъэпкъ куэд Кавказ щІынальэм зэрыщыпсэури кьыхъагъащІ.

КІуэкІуэм и сыт хуэдэ гъэжьыгъэри нэщыгсащ, кьызызэхъэтыпщащ. Аха я лэжьыгъэм хуиту кьыщагъэсэбэп хъунущ бзэр езыгъэджхэми, литературэм хуэлажьэхэми, тхыдэгъэхэми, лъэпкъ Іуэрыдэхэм дихьэххэми, этнографхэми. 2006 гъэм Москва кьыщыдэжІа «Адыгэ (шэрджэс) щІэнгъуаззэтхыпльым ихуа «Европиене», Этнонимие», «Къэбэрдей-шэрджэсыбзэ» тхылъым и «Ономастикэ» ІыхьэщІэр зыгтхыну дзыхь зыхуащІар КІуэкІуэращ, сыту жыпІэмэ а унэтІыныгъэмкІэ нэхъ щІэныгъэ кІуэ зыбгъэдэлъ, зэфІэкІ Іыгъэ зиІэ нэгъуэщІ а щІыналъэм искъым. Ар иджыри зэ нэрыльагъу тщыхьэуащ 2000 гъэм УФ-м фундаментальнэ кьэхутэныгъэмкІэ иригъэкІуэкІа зэпеуэм и грантыр КІуэкІуэм щыхьиха щыгъуэ. ЩІэныгъэлІым игъэхьэзыра «Кавказ Ищхьэрэмрэ Урысей Ипщымрэ я географие фІэщыгъэщІэхэр» проектыр зэхьэзэхуэм и кьэпщытакІуэ гупым нэхъыфІ дыдэу кьаТыпащ икІи абы и щІыхь тхылъыр кьыхуагъэфэщащ.

ЩІэныгъэхэмкІэ Урысей Академием Бзэ щІэныгъэхэмкІэ и институтым и Іэщ Іагъэлхэр дохъуэ хьу ильэс куэд ІыандэрэІ кьыддэлажьэ, кьэралу, лъэпкъ ономастикэм зауэжьным хэпхъэныгъэщхуэ хуэзыщІа профессор КІуэкІуэ Жэмалдин и махуэ-хуэмкІэ. Германием щыІэ Гейдельбергский университетым и щІэныгъэлІ пажэ Хубш-мид Йоганнес зэрыжиІащи, «КІуэкІуэм и лэжьыгъэхэр бзэ щІэныгъэм и кьудамэ куэдым кьхэхутэныгъэр зэрыщегъэхІуэ-кІыпхъэм и щапхъэ нэсщ». Ар гульытэ лъагэщ икІи КІуэкІуэм щыгъуэ дэги дрогушэщ.

СУПЕРАНСКАЯ Александр,
РАН-м Бзэ щІэныгъэхэмкІэ и институтым и ономастикэ кьэхутэныгъэхэр щезыгъэкІуэкІ гупым и унафэщІ, филологие щІэныгъэхэм я доктор.

И шыпхъу Тамарэ, и къуэшхуэ Тэхэдинрэ Хьэсэнбийрэ я гуэсу. *1981 гъэ*

Хэльхьэныгъэ ин

● Хъужъу

Ди къэралым нэмыщІ, щІыпІэ жыжьхэмкІэ щыщІэрыІуэщ КІуэкІуэ Жэмалдин и къэхутэныгъэхэр. Адыгэ щІэ уней зэхуэмыдэхэр ильэс 50-м щІигъуауэ зэхуэзыхьэс икІи зыдж щІэрыгъэдым хэльхьэныгъэ ин хуищІащ бзэ щІэныгъэм и Іыхьэхэм ящыщ ономастикэм и лъабжьэр Кавказым щыгъэтІылъыным.

АДЫГЭБЗЭМ и тхыдэ гъэугуанэр, нэгъуэщІыбзэхэм еплъытмэ, апхуэдэуи кІыхькъым. Абы кьызэкІыу ар кьэпльытэ хуэнущ нэхь бзэщІэхэм ящыщу. Апхуэдэу щыхъум дежи, бзэм егъэщІылъа кьэхутэныгъэхэр егъэкІуэкІыныр куэдкІэ нэхь гугъущ, сыту жыпІэмэ лъэпкъ тхыдэр кьызыхэщІыкІ тхыдэ дэфтэр е нэгъуэщІ тхылъыщІэр куэд дыдэ хъуркъыми. Ахэр кьэпльытэмэ, адыгэ фІэщыгъэхэр ДжыІэ КІуэкІуэм хуищІыфа хэпльхьэныгъэр зы щІыху гъащІэм и ІуэрыІуатэ хуэзыпсэуащІми яреІщ. Ауэ КІуэкІуэр нэсыфащ щІэныгъэм и лъагапІэм, абы и кьэхутэныгъэхэр лъэпкъ щІэнгъуазэ пэлъытэщ.

КІуэкІуэм и кьалэмыпэм кьыпыкІа лэжьыгъэхэм уи нэгу кьыщІагъэувэф лъэпкъым тхыбзэ щимыІа лъхъэнэ жьыжьэми абы и бзэм иІа щытыкІэр, -шыфІэльфэр-. Анэдэлъхубзэм хэт щІэ унейхэм кьыдагъащІэ лъэпкъым нэхъапэм псалъэ куэдыкІей кьиргъэсбэпу зэрыщытар.

Дэтхэнэ щІэныгъэми хуэдэу, ономастикэми иджыри хэтыщ джыж хуей Іыхьэ куэд.

ДяпэкІэ абыхэм нужь ихьэну щІэныгъэлІ ныбжьыщІэхэм я дежкІэ ущІэ уасэ зимыІэ хъуГъуэфІыгъуэщ КІуэкІуэм и кьалэмыпэм кьыпыкІа тхыльхэр, псалъалъэ зэхуэмыдэхэр, статья куп щафІэхэр. Псалъэм папщІэ, КІуэкІуэр Жэмалдинрэ абы ипхъу КІуэкІуэ Лейларэ зэдатха «Къэбэрдей-шэрджэс уней зэхуэхэр» тхылъымкІэ ебгъэкІуэкІ хъунущ Кавказым щыпсэу лъэпкъхэр лъыкІэ зэпыщІауэ зэрыщытым теухуа кьэхутэныгъэхэр. Хуабжьу сэбэпщ абы, унэцІхэм я тхыдэхэр, тхыкІэ хэр кьызэрыщыльхьам кьыдэкІуэу, унагьуэцІхэм я лъэпкъ да-

ОномастикэмкІэ лабораторэм студентхэм щадолажьэ.

И пхъурыльхуэхэр и гъуэсу. *1994 гъэ*

● Лэжьэгъум и псалтъэ

ЩІэныгъэлІ пажэ

КІуэкІуэ Жэмалдин ильэс 25-рэ хъуауэ сыдолажьэри, а зэманым кьыруфыдзу ди нэхьыжьыфІым, щІэныгъэлІ ныбжьым, унасщІ ІэгъэлъэкІуэ дэсльэгъуа хьэл-щэнэр адыгэлІ нэсым и щапхъэщ. КІуэкІуэм зи пашэ хъудамэм и дэтхэнэ Іэщ Іагъэлъэ ІІмэ бгъэдыхьэкІэ щхьэхуэ кьыпхуегъэутыф, ди лэжьыгъэр тэмэму ешІыф, абы епха упщІэхэмкІи чэнджэщ щхьэпэхэр кьыдетыф.

КъБКъУ-м лэжьакІуэ сыкъэзыгъэблагъэри КІуэкІуэ Жэмалдинщ. ЕгъэджакІуэхэм я щІэныгъэ зэпыщІа щхьэгъахьэуэ институтым сыщІэу зэхсщІыхуащ ар. Си къэхутэныгъэхэм щыгъуаззэ кьуэ нэужь, езыр зи унафэщІ кафедрэмрэ зэхэмкІуэ сыкъэшІауэ щытащ абы. Кандидат диссертацІэр щызгъэхьэзырым КІуэкІуэр си щІэныгъэ унафэщІу щытащ, хуэдэфІыкІэм щІэгъэкъуэн ди къэхъуэн кьыхсхуэхъуащ.

Жэмалдин ди республикэм и мызакъуэу, нэгъуэщІ щІыпІэхэми щыщІэзыдзауэ щыщІыпІэхэм. Абы и щІэныгъэ-кьэхутэныгъэхэм щІыпІэщхьэ щагъэтащ дунейм. Абы и щІэныгъэ-кьэхутэныгъэхэм щІыпІэщхьэ щагъэтащ дунейм. Абы и щІэныгъэ-кьэхутэныгъэхэм я щІэныгъэ щІыпІэ щІыпІэ щІэгъэкъуэн щытащ, щхьэфІыкІэм щІэгъэкъуэн щІэгъэкъуэн щІэгъэкъуэн

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

Сабий усакIуэм и щIыхькIэ

● Пшыхь

УФ-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм хэт, тхакIуэ, усакIуэ Щоджэн Леонид и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирикъуащ. Абы теухуауэ щытащ Налшык дэт лицей №2-м щрагъэкIуэкIа зэхьыхьэр. Пшыхьым зыкъыригъэхьэлат усакIуэм и Iыхьлыхэм, и благъэхэм, и ныбжьыгъэхэм, и лажьэгъуэм, и тхыгъэхэм дихьэххэм.

ЩОДЖЭН Леонид и усэхэм щыщ «Нэбакъуэ, си къуэш, къужькъым узэщ» сатырыр эпиграф ныхуащIа пшыхьыр дахэу икIи гукъинэжу ирагъэкIуэкIащ лицейм адыгэбзэмкIэ и егъэджакIуэхэм я методзэгухьэныгъэм и унафэщI **Къуэшрокъуэ Риммэрэ**8-нэ классым щIэсБахэ Къантемыррэ. Риммэ зэIущIэм кърихьэлIахэр кIэщIу щыгъуазэ ищIащ тхакIуэм и гъащIэмрэ и лажьыгъэмрэ, тхыльыр щIыхуэм фIыуэ егъэльагъуным теухуауэ зэфIигъэкIахэм, егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ Iэнатlэм псэ хьэдэкIэ зэрыбгъэдэтым, абы папщIэ дамыгъэ зыбжанэ къызэрыхуагъэфэщам, и усэхэр ныбжьыщIэхэм яфIэфIу зэраджым.

Щоджэным и Iэдакъэ къыщIэкIащ сабийхэм яхуэгъэза тхылъ зыбжанэ. Апхуэдэущ «Къэмыжж», «Къру щырхэр», «Псей щхъуантIэ», «Моцэрэ Бацэрэ», «Мэдэ щIыкIу», «Лэгъуныкъу», «Къуажэхь 400», нэгъуэщIхэр. Абы и усэхэм макъамэ щIалъхьащ Даур Аслъэн, Къардэн Хьэсэн, Согуэ Даниил, Балэ Мухьэдин, Къэбэрдокъуэ Борис, Къул Амир сымэ. И Iэдакъэщ Iэкъ Iэхэр урысибзэкIи зэрадзэкIащ, псалъэрыджэгу жанрыр кьигъэщIэрэщIэжащ, «Нур» сабий журналыр егъэфIэкIуэнымкIэ хуэфIэкI кьигъэнакъым.

УсакIуэм и пшыхьым кърихьэлIащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщым и чэнджэщзэгъуэ **Дадэ Суфэдин.**

- Щоджэн Леонид сабий литературэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуищIащ. Адыгэбзэм и кIаурур, сабинбзэм и дахагъэр щынэрылъатъущ абы и усэхэм. Ар зэпымычу йолажь анэдэлъхубзэр яIурылъу, хабзэр ящIэу щIэбдэр къэгъэхъуным. Абы къыхуэарэзыщ къулыкъущIэхэри, адэ-анэхэри, сабийхэри. Леонид хьэл-щэн дахэ хэлъыр, ар икIи ныбжьэгъуфIщ икIи лэжьакIуэщIхэр, «Псей щхъуантIэ», «Моцэрэ Бацэрэ», «Мэдэ щIыкIу», «Лэгъуныкъу», «Къуажэхь 400», нэгъуэщIхэр, Абы и усэхэм макъамэ щIалъхьащ Даур Аслъэн, Къардэн Хьэсэн, Адэкlэ псалъэ иратащ тхэн щIэзыдзагъащIэхэм щадэлажьэ «Шыхулъагъуэ» литературэ хасэм и унафэщI **Хьэх Сэфарбий**:

- Щоджэн Леонид, и ныбжьым емылъытауэ, нэхъ жьыджэру лажьэхэм ящыщщ. Яэлыныкъуэхэм къадылъатэ балигъхэм нэхърэ сабийхэм уахуэятхэну нэхъ тыншу, ауэ ар пэжкъым. ЦIыкIухэм я гум дыхьэн, ахэр тхылъым езышIэлIэфын усэ е рассказ птхын щхьэкIэ, Алыхьым къуитауэ зэчий ббгъэдэлъын хуейщ. Апхуэдэ зэчий иIэщ нобэ зи ныбжьыр илъэс 75-рэ ирикъуа Леонид. Абы гу къабзэ, псэ хьэдэл иIэщ. Сэ ар изогъэщхь мэракIуэ къызыпыкIа дэщхуейм. «ЦIыхум и сабиягъ и къабзагъщ» жыхуиIэ псалъэжьыр дигу кьэдгъэкIыжынщи, ар къызыкъэкIыр щыгъупщэжауэ кьыгъыхъу сабиягъэр абы и деж хъума зэрыщыхъарэр.

Хьэхъум пшыхьым кърихьэлIа ныбжьыщIэхэм зэхуигъэзащ, тхэным дихьэх яхэтмэ, «Шыхулъагъуэмэ» и гуапэу иригъэблагъэу.

- Сабийхэм яхуэтхэ Щоджэн Леонид адыгэбзэм и къулеягъыр, и куагъыр, и шэрыуагъыр Iэзэу къэзыгъэлъагъуэ усакIуэхэм ящыщщ, - жиIащ КъБКъУ-м щIэныгъэхэм щыхагъахъуэ и къудамэм и унафэщI **КъуэщIысокъуэ Александр.**

Илъэс 30 хьауэ зэхьокIыныгъэ ныбжьэгъущ, илъэс 20-кIэ университетым дыщызэдэлэжьащ. Ар лэжьакIуэфIщ, ныбжьэгъу пэжщ. Леонид и Iэдакъэщ Iэкъ Iэхэр ядж хамэ къэрал щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэми. ЗэрыцIыкIу лъандэрэ ар дехьэх спортым. БэнакIуэ Iэзэу зэрыщытым къыхэкIыу абы псори зэреджэр «Пелуантэ». Леонид игъэлъэгъуэ щапхъэфIхэм ящыщщ Абхъазым зауэ гуащIэ къыщыщыхьеям, и псэ емыблэжу лIыгъэ хэльу зыкъызэригъэлъэгъуари. Абы папщIэ Леонид къыхуэгъэфэщащ Абхъазым и ордэхэм я нэхъ лъапIэ дыдэр. Ди къуэш осетинхэмрэ ингушхэмрэ я кум хьэлэфдэлыкъ къыщыдэхъуами, Адыгэ Хасэм и цIэкIэ а зэныкъуэкъур къэзыгъэувыIа хэм Леонид ящыщщ. Сэ зэхэгъэувауэ сиIэщ балигъхэми сабийхэми я акъылым зэрызрагъэужь программэ икIи абы и джэлэсу сэ къэсщтар Щоджэным и усэхэрщ, и псынщIэрыпсалъэхэрщ, и къуажэхъхэрщ. УзэрыакъылыфIэу, узэрыжьэнахуэу, узэрыгуры хуэу, уи лъэр псынщIэу, уи пкъыр жану къыпхуиухэ гъащIэр Тхъэм ириуигъэхьэкI, Леонид.

КъБР-м и Профсоюзхэм я федерацэм и лэжьакIуэ **Жэмыхъуэ Мадинэ**я Iуэхуащ Iапlэм и унафэщI Тау Пщыкъан къызэрехъуэхъужар жиIэри, абыхэм къабгъэдэкI щIыхь тхылъымрэ ахъшэ саугъэтымрэ гуфIэгъуэ зэхьихьэр зращIэкIым иритыжащ.

Апхуэдэу хъуэхъу псалъэхэмкIэ Щоджэным зыхуигъэзащ лицей №2-м и унафэщI **Мэлбахъуэ Борис**. Абы жиIащ сыт щыгъуи а еджапIэм Леонид и ныбжьэгъу пэжу зэрыщытыр, илъэс 80 щыхъу махуэми абдеж щызэIущIэну зэригуапэр.

Лицейм егъэбыдыIа «Бжьэ щIыкIу» сабий гъэсапIэм екIуалIэ щIыкIэхэм, 1 - 8-нэ классхэм щIэс ныбжьыщIэхэр къеджащ Щоджэным и усэхэм, псынщIэрыпсалъэхэм, абы и псалъэ зыщIэлъ уэрэдхэр жаIащ, къуажэхьхэр къащIащ.

Леонид фIыщIэ зэхуигъэзащ пшыхьыр къызэрыгъэпэщащэми абы къриубыдащ Iалъхэми, и гуапэу жэуап иратащ сабийхэр зыщIэуплIа псоми.

ТАБЫЩ Динарэ.

Суреитэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Суреитхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Урысейм и цIыхухэр

● ЗэIущIэхэр

КъБР-м Хьыбарегъащ Iэнатlэхэмкlэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэныгъэ щIалъгъуалэм я Iуэхуэхэмкlэ и министерствэм, КъБР-м и Парламентым, Къэбэрдей-Балькъэрым Iэнхъуэщапхъуэхэмкlэ и Федералъ-нэ Iуэхуащ Iапlэм, «Урысейм и щIалэгъуалэм я союз» Урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и щIыналъэ къудамэм я жэрдэмкlэ къыхэрагъэпэщауэ «Дэ Урысейм дрищIыхуп» зыфIащ Iуэхугъуэр йокIуэкI.

АБЫ ИПКЪиткIэ, илъэс 14 хъуа кадет, лъахэхутэ ныбжьыщIэ 17-м Урысей Федерацэм и Iыхьу зэрыщытым и щIыхьэт паспортхэр гуфIэгъуэ щытыкIэм иту КъБР-м и Парламентым и унэм щратыжащ. «Урысейм и цIыху» псалъэхэм я мыхьэнэр щIэблэм зыхрагъэщIэн, абы щIапIыкIын папщIэ, мыхъуэдэ зэIущIэхэр щIэх-щIэхьыурэ абы къыщызэрагъэпэщ.

Зэхьихьэм кърихьэлIа ныбжьыщIэхэр паспортым и къежьэкIам, а тхылым и мыхьэнэм щIагъэдэIуащ, ди къэралым и къэкIуэнур зэтыгъар ахэрауэ зэрыщытыр жраIащ, Урысейм и цIыхуу зэрыщытым иригушхэн зэрыхуейр гурагъэIуащ.

ЗэIущIэр къызэIуаха нэужь, псалъэ къыIихащ Къэбэрдей-Балькъэрым и Парламентым и унафэщIым и яп къуэдзэ **Жаным Руслан.**

- Нобэ щыщIэдзауэ фэ балигъ гъащIэм фыхохьэ, Урысей Федерацэм и цIыху нэс фыхъуащ, - жиIащ абы. - Мы махуэр фи дежкIэ гуфIэгъуэу, гукъинэжу щытын хуейщи, ар вдыдогъэльапIэ. Урысейм и дэтхэнэ цIыхуми иIэн хуей тхылъ нэхъыщхьэр нобэ къыфIэрохьэри, абы хуэфащэу федэж, щIэныгъэфIрэ Iэщ Iагъэрэ зэвгъэгъуэт, фызэрылъытэу мы гъащIэм фи лъагъуэ щыхэфныж, - жиIащ абы.

«Урысейм и щIалэгъуалэм я союз» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и щIыналъэ къудамэм и унафэщI **Шаваев Ильясрэ** республикэм и ДОСААФ-м и Iэтащхьэм и къуэдзэ **МацIыхьу Хьусенрэ** ныбжьыщIэхэм ехьуэхьуа нэужь, абыхэм паспортхэр иратыжащ. ЗэIущIэм и кIэм къэпсэльащ кадетхэр щагъэхьэзыр школым щыщ Жарашуев Алий. Абы къыхигъащащ езыри и ныбжьэгъуэхри къэралым и цIыху нэс къьхъкIыным зэрыхуащIэкъунур. Адэ-анэхэм я цIэкIэ Шэрдж Руслан зэхуэсахэм захуигъэзащ, зэIущIэр кьызэгъэпэщахэм фIыщIэ яхуищIащ, паспортыр зратыжа ныбжьыщIэхэм псалъэ гуапэ яжриIащ.

Зэхьихьэм хэтащ Республикэм и Парламентым и Унафэщым и къуэдзэ **Саенкэ Татьянэ**, КъБР-м хьыбарегъащIэ Iэнатlэхэмкlэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэныгъэ щIалэгъуалэм я Iуэхуэхэмкlэ и министр **Пащты Борис**, Парламентым ЩIалэгъуалэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, хьыбарегъащIэ Iэнатlэхэм я Iуэхуэхэмкlэ и комитетым и нэхъыжь **Хъэцхъуэжь Татьянэ**, Iэпхъуэщапхъуэхэмкlэ Федералъ-нэ Iуэхуащ Iапlэм и щIыналъэ къудамэм и Iэтащхьэм и къуэдзэ **Щокъарэ Заур** сыми.

Зэхуэсахэм зэгъуэсу фэеплъ сурэт зытрагъхащ.

БАЦЭ ФатIимэ.

Сабий усакIуэм и щIыхькIэ

Суреитхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

● КъБР-м и прокуратурэм

Тэрч псыр яуфIей

Май куейм и прокуратурэм къипщытащ езым егъэбыдылIа щIынальэм щIыуэпсыр хьумэным теухуа хабзэхэр зэрыщагъэзащIэ щIыкIэр. Абы сэтей кьищIащ Александровскэ станицэм щIэ «Къэбэрдей крахмал» ООО-м псэушхьэхэр, дыкьэзыухъуреихь дунейр, псыр хьумэным, кIэрыхуэбжьэрыхуэхэр гъэмэщIэным теухуа хабзэхэр зэрримыгъэзащIэр.

ПСОМ хуэмыдэу узыгъэгъ уэавэщ Тэрч псы фIей, щхъ ухькуэд зэрыхасэгъэльадэр. Ар мардэм нэхърэ зыкьомкIэ нэхьыбэщ.

Псыр зыгъэкъабзэ Iэмэпсыэхэр зэгъэпэщыжьым, егъэфIэкIуэным, кIэрыхуэбжьэрыхуэхэм елэжь Iэнатlэхэр кьызэIухьыным теухуа лэжьыгъэхэр мыбы и кIэм щынагъэсакъым.

Хабзэ хэм кьызэрагъэувымкIэ, кIэрыхуэбжьэрыхуэхэр зэхуэхьэсын, абыхэм хуэхаха щIыпIэхэм ящэн хуейщ, щIыуэпсым зэран хуэмыкIун хуэдэу. ПсэушхьэкIэр зэтезыгъаIэ, абыхэм я бжьгъэр зыгъэмащIэ сыт хуэдэ лэжьыгъи ирагъэкIуэкIыну хуиткъым.

Тэрчыр бдзэжьей нэхъыбэ зыхэс псыхэм ящыщщ. Абы щхьухь зыхэль зэрыхагъэльадэр Урысей Федерацэм щIыуэпсыр хъумэным т еухуауэ щIэ хабзэхэр кьызэрырамыдэзэм и щIыхьэтщ.

Куейм и прокурорым «Къэбэрдей крахмал» ООО-м ехьэлIауэ Iуэху кIэнIэтащ.

ЦЕКЪУ Пlаrl.

● Гу зылъытапхъэ

Дэ къулыкъум хуагъэхьэзыр

Автомашинжэр зэрагъэкIуэным щыхуагъэзэнущ республикэм и ДОСААФ-м и еджапIэхэм.

АБЫХЭМ щагъэсэнухэр кьыхах УФ-м Iэщ кIэ ЗэщIэуэда и Къарухэм дэз къулыкъур щрахьэкIын папщIэ ираджэну зи пIалъэр къэсаэр зи узынщагъэрэ щIэныгъэкIэ Iуэхум хуэхьэзырэм.

КъБР-м и ДОСААФ-м маз щIкIэ щыхуагъэхьэзырынущ мыпхуэдэ Iэщ Iагъэхэм:

- ВУС-837-м - «С» лIэужьыгъуэм хьихьэ водителхэр.

- ВУС-846-м - «Е» лIэужьыгъуэм хьихьэ водителхэр.

- ВУС - 845-м - «Д» лIэужьыгъуэм щыщ водителхэр.

Мы Iэщ Iагъэхэм щщIэнщэу хурагъэдджэнущ.

Пэгъэуэщ щыпIэхэм кьикIа курсантхэм ирагъэжьынущ щеджэну щIыпIэм кьакIуэу кIуэжьыным трагъэкIуэдэ ахъшэр.

Едджэну учей псоми КъБР-м и дзэ комиссариатым щIыпIэхэм кьудамэхэм е КъБР-м и ДОСААФ-м и автошколхэу зыщыпсэу зыжьагъэхэм щIэм тхыгъэкIэ зыхуагъэзэн хуейщ.

ФэмыщIэуэщIэ хъунущ КъБР-м и дзэ комиссариатым и 91-44-65 телефонымкIэ, 125 бжыгъэхэр щIыбгъужу е 8 (963) 3948215-мкIэ.

«Алания»-м премьер-лигэм егъэзэж

● Футбол

Мазаем и 17-м кьыщыщIэдзауэ кьалащхьэм и «Москва» клубыр Урысей Федерацэм футболымкIэ и премьер-лигэм хэтыжьыным. Абы и пэкIэ мыгъэрей зэхьэзэхуэм хьихьэнущ нэгъабэ яп дивизионым ещанэ увыпIэр щызыубыда Владикавказ и «Алания»-р.

2001 гъэм кьыщыщIэдзауэ Урысейм и премьер-лигэм хэта «Москва»-р зыIэщIэлъ «Норильский никель» компаниэм иджыблагъэ унафэ кьищтащ адэкIэ командэм мыльку хуимыутIыпщыну. Ар, дауи, дунейпсо экономикэ кризисым и Iэужьщ.

Урысей Футбол Зэгухьэныгъэм и регламентым кьызэрыщыгъэзэгъуамкIэ, апхуэдэ щытыкIэ кьэхьумэ, джэгун щызыгъэтыжа командэм и пIэкIэ зэхьэзэхуэм кьыхьихьэн хуейщ яп дивизионым ещанэ увыпIэр кьыхьихьэн.

Зэхьэзэхуэм кьыщIэкIащ Владикавказ и «Алания» командэм. 2009 гъэ джэгугъуэр хъарзынэу иригъэкIуэкIыурэ, премьер-лигэм кIуэнур щызэхэкI иужьрей дыдэ зэIущIэм ар кьыхигъэщIащ «Сибирь»-м икIи ещанэ увыпIэм кьыщывыIащ.

1960 гъэм кьызэрагъэпэща а командэр хъарзынэу джэгуурэ кьокIуэкI. 1969 гъэм СССР-м и яп лигэм текIуэныгъэ кьыщихьри, «Спартак»-р (абы щыгъуэм арат и фIэщыгъэцIэр) лигэ нэхьыщхьэм яп дыдэу кIуащ. АрщхьэкIэ илъэс щIэкIа абы щымыджэгуу, яп лигэм кьитрьэзжащ. 1990 гъэм, илъэс 19 дэкIуэу, Владикавказ и «Спартак»-р лигэ нэхьыщхьэм хьихьэжащ икIи етIуанэ илъэсым дыжьым медалхэр кьихьащ. Абы кьыщывыIакъым владикавказдэсхэм я командэр - зэман дэкIри, къэралым и чемпион хьуащ. Кьыкlэлыкlэ гъэ джэгугъуэми дыжьым медалхэр кьахьащ.

Владикавказ и «Спартак»-м (иужькIэ «Алания» зыфIащыжам) и лъэщыгъуэхэм командэм хэту джэгуащ ди лъахэгъуэу гъуащхьэтет цIэрыIуэ Хьэпэ Заур, гъуащхьэхьумэныкъуэхэу Дзэмыхь Анзор, Исаев Щамил, Алчагиров Алий, Гъуаплащ Аслъэн, Зарицкий Александр, Саркисян Альберт сымэ. Мы махуэхэм премьер-лигэм зыгъэзэжа командэм илъэсищкIэ хэтыну Iэ тридзащ «Спартак-Налшыкым» зэман кьыхьIэ щыджэгуа гъуащхьэхьумэныкъуэ Мэшыкъуэ Аслъэн.

Иужьрей дыдэу ахэр щызэIущIар 1983 гъэрщ, Урысейм и етIуанэ лигэм хэту. Абы щыгъуэм Орджоникидзе и «Спартак»-м зэхьэзэхуэм яп увыпIэ кьащихьа пэтми, ди командэхэм я зэIущитIми налшыкдэсхэр зэхуэдэ бжьыгъэкIэ, 2:1-уэ, щытекIуаш. Псори зэхэту ахэр 34-рэ зэраджэгуати, тIуми текIуэныгъэ пщыкIущ-пщыкIущ кьахьащ, зэIущи 8-р зэрытемыгъэкIуауэ нухащ. Ди щIалэхэм Осетие Ищхьэрэ-Аланием и командэм топ 34-рэ хуадгъэкIащ, 44-рэ кьыхуадгъэкIащ.

КомандитIым я зэIущIэхэр сытым дежи удэзыхьэхуэ, стадионхэм щIыхуэхэр изу кьекIуалIэу щытащ. Ди фIэщ мэхьу дызыхьуэкIуэ гъэ джэгугъуэми апхуэдэу екIуэкIыну, дэрэ жьгъуэ ин кьыдатIыну.

ЖЫЛАСЭ Замир.

Махуэшхуэм ирихьэлIэу

● Зэпеуэ хэр

КъБР-м Хьыбарегъащ Iэнатlэхэмкlэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэныгъэ щIалэгъуалэм я Iуэхуэхэмкlэ и министерствэм, УФ-м и Президентым и Администрацэр я щIэгъэкъуэну ар кьыхэрагъэпэщ «Лихачев Д. С. и цIэр зезыхь» Фондымрэ Урысейм и Лъахэхутэхэм я зэгухьэныгъэмрэ.

ЗЭПЕУЭМ и мурадыр лъахэхутэ щIэныгъэмрэ лъахэхутэ лэжьыгъэмрэ зегъэужьыным теухуа тхыгъэ нэхъыфIхэр кьыхэхыныр икIи дэIыгъныныр. Зыхэпльэнуэхэр зи процент 50-м щIигъур лъахэхутэ Iуэхум хуэгъэпса, тедзэн зэрыщIадзэр илъэс нэхъ р мынэхъ мащIэ, и кудагъкIэ экземпляр 100 нэхьр мынэхъ мащIэ, щэ нэхьр мынэхъ мащIэр зэрыдэкIа альманахэр.

КIэух зэпеуэм хэтахэм щIыхь дипломэр, текIуэхэм ахъшэ саугъэтхэр иратынущ.

Зэхьэзэхуэм хьихьэну хуейхэм я тхыльхэр гъатхэпэм и 15 пщIондэ мы хэщIапIэм щыIахынущ: 191028, Санкт-Петербург, Моховая уэрам, 15, Лихачев Д. С. и цIэр зезыхь фонд.

Телефоныр: (812) 272-29-12.

Сайтыр: www.lfond.spb.ru

КъБР-м Хьыбарегъащ Iэнатlэхэмкlэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхуэхэмкlэ и министерствэмрэ.

Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ
ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР
Хьэфlыцlэ Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), **ЖъэкIэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Щирдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ГъущIо Зариф, Кьардэн Маритэ, Ныбжьэ Танэ, Хьжькьарэ Алик.**

ДИ ХЭЩIАПIЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинымрэ и щIэкIэ щыIэ уэрам, 5, егъуанэ - ещанэ-нэ кьатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхуэхмкlэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; цIыхубзмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Iуэхущ Iапlэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; хьыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ пресмохэмкIэ - 42-22-88; екъэдэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ Iапlэм - 42-26-41; суратхэм - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгъэхэм, кьыщагъэта Iуэхуэгъуэхэм я пжьагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьынырэ и щIэ дольщ КъБР-м федералъ-нэщ зэныщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 42-06-51, 42-19-59.

Газетыр щIыпмкIэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №11-065-м щIэхъуэжащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ кьыдокI.

1905 гъэм щыIа Революцэм и цIэр зезыхь Республикэ полиграфкомбинат, Налшык къ., Ленинымрэ и щIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы къыдэжьугъэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Дышэкl Соня, редактору ЖъэкIэмыхъу Маринэ, корректорхэу Афэ Тамарэ *(2,4-нэ нап.)*, Пхытlыкl Юрэ *(1,3-нэ нап.)*, корректорхэм я дIэныкъуэгъу Иуан Заирэ. *КомпьютеркIэ газетым и тепльэр ящIащ* Дол Маринэ, Щомахуэ Марианнэ, Гъукlэл Рае, *суратыщI* Бицу Жаннэ.

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер Iэнатlэм щагъэхъэзыращ.

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 21.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 10.125 ● Заказ №476